ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЕ ХАБЗЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№46 (21.454) ● 2009 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 13, мэрем ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 9-щ ●
adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

● Парламент

Яп эзІущІэм зыхуагъэхьэзыр

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и зэхуэсыгъэущІэм и яп эзІущІэр ягъэхьэзыр депутат гуэшым.

ПІАЛЪЭКІЭ къалэн зыгъэзэщІэну депутат лэжьакІуэ гупым хыхьащ республикэм и хабзэгъэув органым и депутат мандатхэр къызылыса политикэ партиплІми а лыкІуэхэр. «Зыуэ щыт Урысей» партым кыбгъэдэкІыу Жэрыкъуэ Б.Хь., «Захуагъэ зыхэлъ Урысейм» - Кебеков В.С., КПРФ-м - Щыхьалы З.М., ЛДПР-м - Гриневич В.В. Абыхэм я гъусэу гупым хэтщ щІэуэ хаха депутатхэм ныбжькІэ я нэхыжькъ Кульбаев Ч.Б.. Парламентым и Регламентым ипкъ иткІэ, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ Іыр хахьхуКІэ араш республикэм и хабзэгъэув органым и яп эзІущІэр кьызэІуэлыныр ар езыгъэкІуэкІынри.

Депутат лжьакІуэ гупыр Іуэху зыбжанэм тепсэлыхьащ. Къэбгъэльагъуэмэ, Парламентым и яп эзІущІэр зыхэлъхьэнухэр яубзыхуащ.

Тепсэлыхьыну я мурадщ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и Регламентым зэхъуэкІыныгъэхэр зэхльхьэным, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и Къэзыбж комиссэм, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ Іым, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и лЫкІуэу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и цІэкІэ Урысей Федерацэм и Федерацэ Зэхуэсым Федераціэмкіэ и Советым кІэунэр хэхыным, «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и хабзэгъэув дэфтэр зыбжанэм зэхъуэкІыныгъэхэр зэхльхьэным теухуауэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и законым и проектым, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и комитетхэр зыхуэзэдзауэм, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ Іым и къудзэхэм, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и комитетхэм хэтІнуэм, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и комитетхэм я унафэщІхэмрэ абыхэм я къудзэхэмрэ япыщІа Іуэхухэм.

Гупыр апхуэдэу хэпльащ КъБР-м и Парламентым щІэуэ хахам и яп эзІущІэр кьызэгъэщІэнным ехьэлІа нэгъэщІ Іуэхухэмк.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ1анІэ.

ЩІэныгъэм зегъэужьыным хуэунэтІауэ

Гъатхэпэм и 17 - 18-хэм «Урысейпсо педагогикэ Зэхуэс» жылагъуэ зэгухьанысыгъэм и совет Нэхъыщхьэм и XIII пленум щызэхэтынущ Налщык дэт Къэрал концерт гъэтъэгъуапІэм. Ар теухуауэ щытынущ щыхухэм щІэныгъэ егъэгъуэтынымрэ жылагъуэ зэгухьанысыгъэхэм щагъэзэщІэ кьаІэным.

«УРЫСЕЙПСО педагогикэ Зэхуэс» жылагъуэ зэгухьанысыгъэр «Зыуэ щыт Урысей» политикэ партымрэ Хьэрычэтыщ1эхэмрэ промышленникхэмрэ я урысейпсо союзымрэ 2006 гъэм и щэкІуэгъуэ мазэм кьызэрагъэпэщащ. Абы и хэгъэгу кьэдэмрэ Къэбэрдей-Балькъэрми кьыщызэІуахащ. КъБР-м и кьаІэхэм, районхэм щІыпІэ къудамэхэр щолажьэ, абыхэм я унафэщІхэри кьэпщытакІуэхэри хахащ, зэзыгъэуІу комитетхэри кьызэрагъэпэщащ.

«Урысейпсо педагогикэ Зэхуэс» жылагъуэ зэгухьанысыгъэм и Къэбэрдей-Балькъэр къудамэр зэрылажьэ зэманым кІрибыдэу Іуэхугъуэ зыбжанэ ирагъэкІуэкІащ. А жылагъуэ зэгухьанысыгъэм кьалэн нэхъыщхьэу зыхуигъэувыжар кьэралым и егъэджэныгъэ Іэнатіэм пыщІа псори зэкъуигъэувэу Урысейм щІэныгъэм зыщегъэжьыжьыну, щегъэфэкІуэныщ.

«Урысейпсо педагогикэ Зэхуэс» жылагъуэ зэгухьанысыгъэм и Совет Нэхъыщхьэм и унафэщІу хахащ УФ-м и Къэрал Думэм и депутат, технологиемрэ управленэмкІэ Москва къэрал университетым и ректор Ивановэ Валентинэ.

УФ-м и хэгъэгу 76-м а жылагъуэ зэгухьанысыгъэм и щыналъэ кьудамэхэр щыІэщ, абыхэм щыху 240000-м щІигъу хэтщ. Зэгухьанысыгъэм съездэ 4-рэ пленум 12-рэ иригъэкІуэкІащ.

КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм и пресс-Іуэхущ1анІэ.



«Налмэсыр» къоф

АДЫГЕЙ. *Къафэмкі э «Налмэс» лъэпкъ ансамблым Краснодар крайм, Кавказ Ищхьэрэм и республикэхэм концерт щытынущ.*

«НАЛМЭС»-м Адыгейкі кьаІэм и щыхубзэхэм папщІэ гъатхэпэм и 8-м концерт итащ, гъатхэпэм и 14-м ар Тохьутэмыкьуей жылагъуэм щыхьэщІэнущ. Гъатхэпэм и 24 - 27-хэм кьэфакІуэ гуп щІэрыІуэм зыкъыщигъэльэгъуэнущ Черкесск, Налшык, Грозный, Владикавказ кьаІэхэм. Абы нужькІэ «ар Краснодар крайм кІэунущ иКІи сыхьэтитІкІэ екІуэкІ программэщІэ игъэльэгъуэнущ. Ар зыхуэхэсыр мэлыжьыхь-накьыпІэ мазэхэрщ. КъэфакІуэхэм Италием кьащыуплъэ бадзэуэгъуэм», щыжаІащ республикэм Щэнхабзэмкіэ и министерствэм.

Спортым иропІейтей

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. *Республикэм физкультурэмкІэ, спортымкІэ, туризмэмрэ щІалэгъуалэ Іуэхухэмкіэ и къэрал комитетым и унафэщІ КІуращын Хьэсэн зэрыжиІамкІэ, спортым и Іуэхур щІыналъэм тэмэму щыдэкІыркъым.*

ТРЕНЕР Пщымахуэ Іэюб къызэрыхигъэщамкІэ, спортсменхэр щІыналъэм йоІэпхъукІ а Іэнатіэм хуэхах мылькур зэрымащІэм, зэщагъэсэн щІыпІэхэр ирикьуу зэрамыІэм кьыхэкІыу.

«Спортым тэмэму зиужькьркъым. Дзюдоистхэм нэмыщІ, кьыхэдгъэщын диІэкъым. Ди республикэм щыщу спортсмен зыбжанэ УФ-м и командэ кьыхэхам хэтщ, ауэ абыхэм зыщагъэсэн пэши зыхуеину Іэмэпсыми яІэкъым. Спорт хуэунытъэхэр кьыдэмэщІэкІ, пэшхэри бэджэнду кьыдощтэ. Спорт комплекситі нэхъ мыхьуми республикэм димыІэу хъунукьым. Псальэм папщІэ, Черкесск, Карачаевск кьалэхэм кьащыщэбгъэпэщ хьунущ аехр.

Спортсменхэм я Іэзагъым, зэфІэкІым хагъэхьуэн папщІэ аехр Іэмал имыІэу дызыхуейщ», - къыхиригъэщащ КІуращын Хьэсэн.

Японием идэркъым

АБХЪАЗ. *Японием Куржым и тельхьэщ икІи Абхьазымрэ Осетие Ипщэмрэ къэралгъуэз щхьэхуитУ кьиІыхьэнукъым.*

ЯПОНИЕМ Куржыр кьыхуриджащ а республикэхэмрэ езымрэ щыІэзгурымыІуэ Іуэхухэр зэпсальэурэ зэфІэхьыну, ауэ ахэр къэралгъуэ щхьэхуэу кьиІыхьэн идакьым. Иджыблагъэ абы тепсэлъыхьащ Куржымрэ Япониемрэ нэгъэщІ къэрал Іуэхухэмкіэ я министерствэ.

Фигу кьэдгъэкІыжынщи, 2008 гъэм щыщхьэІуэ куржыкъэр Осетие Ипщэм теуэу осетинхэм Урысей Федерацэр Іэщэкіэ кьащхьэщыжа нэужь, Японием дэлъ Іэпыкьуауэ щытащ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Іуащхьэмахуэ лъапэ

Іэзагъэрэ хахуагъэрэ

Іуащхьэмахуэ лъапэ, сноубордымрэ бгы лыжэхэмкІэ зэпеуэри хэту, фрирайдымкІэ Іуакіуэльакіуэхэм (райдерхэм) я «Elbrus Open 2009» зэхьэзэхуэхэр щокІуэкІ. Абыхэм хэтщ Іуащхьэмахуэ лъапэ, Домбай, Къуэ Быдэ (Красная Поляна), Москва, Санкт-Петербург, Новгород Ищхьэрэ, Новокузнецк, Ярославль, Саратов, Уфа, Новосибирск щыщхэр, БелоруссиемкІыкІэ хьэщІэхэр спортсмен 90-м щІигъу.

Я ІЭЗАГЪЫР здынэсыр кьапщыта нужь, абыхэм ящыщу дыгъуасэ зэхьэзэхуэхэм кьыхэнжар 60-щ. Мыр «Elbrus Open» ФІэщыгъэщІэр иІэу фрирайдымкІэ етІуанэ зэпеуэщ. Ящэр нэгъабэ КъБР-м и Президент Кьанокъуэ Арсен и нэІэ тету екІуэкІащ икІи абы кьарихьэлат спортсмен 92-рэ. Абыхэм яхэтащ кьаралым и чемпионэхэр, Урысейм и Кубокым щытекІуаэр. Ауэ «ЛыжэкІэ зэрыхуейм хуэдэу хунту кьеІанымкІи» зэхьэзэхуэхэр Къэбэрдей-Балькъэрым и бгыхэм илъэситІ хъуауэ щрагъэкІуэкІатэкъым, абы и пэкІэ Урысейм и Кубокыр кьэхьынымщІэбэнэхэр ди деж зэкІэлъыкІуэу илъэсиплІкІэ щыэхьэзэхуа пэтми. Іуэхум зэхъуэкІыныгъэ хэзыльхьаР Іуащхьэмахуэ лъапэ и спортсменхэмрэ, Абыхэм кьызэрагъэпэщащ «Elbrus Open» зэпеуэр. КъБР-м и Президентым жэрдэмыр яди Іыгъащ икІи саугъэтыр кьызэрагъэпэщащ.

Фрирайдымрэ (лыжэхэмкІэ езыхэр зэрыкуей дыдэм хуэдэу кьамыгъэЗурыщІа бгыхэм кьеІхыным теухуа спорт Іа ЗужьыгъуэУ) сноубордымрэ хуабжьу куэд дахьэхащ. СноубордымкІэ, бгы лыжэхэмкІэ кьызэдэжьнымкІэ эпеуэхэр олимп спорт лІэужьыгъуэхэм хагъэхьащ. Апхуэдэ зэхьэзэхуэхэр щрагъэкІуэкІыр сыт и лъэныкъуэкІи Іуэхум хэущІа щыпІэхэрщ. Фрирайдымри уи Іэзагъыр кьащыщІэльэгъуэн хуейщ мыл кьырхэм, мывэ джейхэм укьелъу. А псоми тегушхуэнырэ щІыху хахуэхэрщ.

КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1анІэ.

Гъэлъэгъуэныгъэхэр

Министр Фырэ Руслан и псалъэ. *Сурэтыр* **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

ДИ ЛЪЭПКЪЭГЪУЭМ псоми зэхуэдэу адыгэ фащэхэр яІыгъыу щыщыта лъэхъэнэм кьыхэбзэкъуКІауэ фІэкІа умыщІэну, гъэлъэгъуапІэ пэшым щІэтт Сэралъп Мадинэ и Іэрыкіхэр тыгъэ зыхуищІахэу «Горянка» газетым и редактор нэхъыщхьэ **Къаныкъуэ Заринэ**, Профсоюзхэм щэнхабзэмкІэ я унэм и режиссер **Гумэ Маринэ**, «Адыгэ унэ» тыкуэн-музейм и унафэщІ, «Пэрыт» журналыгъэ зэгухьанысыгъэм и тхьэмадэ **ІутІыж Мэжид**, КъБР-м и щхьэ зиІэ и артистхэ, уэрэджьыкІуэ **Шэрджэс Іэсият**, Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ Къэбэрдей-Балькъэр щІэныгъэ институтым и лэжьакІуэхэу **Чурей Дыжьын, КІэмыргуей Мурат** сыкъ.

Гъэлъэгъуэныгъэр зи жэрдэмхэм утыкум кьрахьа псоми, зэрыжаІэу, нэри пэри ихьырт: нэгъэсауэ икІи егупгъупэу яда фащэ дахэхэм уёмыкьуэпсэнкІэ, пасэрей адыгэ бзылъхугъэхэм зэрызагъэщІэращІу щыта хьэпшып зэмылІэужьыгъуэхэр зезыхьахэм пщІэ хуумышынкІэ, сурэтхэм «кьыщызэтеуВыІа» напІэзыпІэ тепльыджэхэм уамыгъэгупсысэнкІэ Іэмал иІэтэкъым. Дэтхэнэ хьэпшыпми кьиІуатэр зыщ - ди лъэпкъ щэнхабзэм и беягъыщ. Ар ди лъэхъэнэгъуэхэм нэрылъагъу ящыщІынрат выставкэр кьызэзыгъэпэщахэм мурад нэхъыщхьэу яІари, кьайхьэулаУэ кьэпльытэ хьунущ.

Зэхьыхьэр езыгъэкІуэкІа Къаныкъуэ Заринэ пэублэ псалъэ жригъЫэну утыкум кьришащ Іутлъж Мэжид.

- Лъэпкъым и тхьдумрэ и нобэмрэ Мадинэ дахащэу зэрипхащ, - жиІащ абы. - Апхуэдэ щыкІэкІэ абы захуеГаззэ ди блэкІамрэ кьэкІуэнумрэ зэпызыщІэ нобэрей адыгэхэм. Анэдэлъхубзэмрэ лъэпкъ хабзэмрэ дызэрыхуэсакъым кьыдэкІуэу, адыгэ фащэр, абы и зехьэкІэр, ар зэрызэхэль дэтхэнэ пкъыгъуэми мыхьэнэ пыухыкІа зэриІэр тщІэжу дыкъэгъуэгурыкІуэн зэрыхуэйрщ Сэралъп Мадинэ. - Араш «Лъэхъэнэм и псыежах» лъэпкъ проектыр кьызэгъэпэщыным гулъытэ щхьэхуэ щыхуэсщІари, илъэсым щІигъуэу дыщІелэжьри. Пасэрей адыгэ щыгъынхэмрэ зэрызагъэщІэращІэ хьэпшып щыкІуфэкІуэхэмрэ кьэдгъэльэгъуэныкІэ дэ дыхущІэхьэщІ ахэр зезыхьэу щыта щІыхуэм я псэм зы тІэкІунитІэ нэхъ мыхъуми иджырІейэр пэгъунэгъу тщІыну, уахътэ зэрыщыІэмрэ ар щылъэкІкІэ кьыткъуигъанэр зыхуэдэмрэ нэрылъагъу фщІытщІыну.

ЦІыхухэм дэ тыгъэ яхудощІ зэманым и Іуэкіыбзэлъхьыр, икІи дыхуейт выставкэр зыльфайтэу дэтхэнэ зым «лъэхъэнэм и псыежэх уэрым» и салъкъыныр зыхищІэну.

Гъэлъэгъуэныгъэм иращІэкІа гуфІэгъуэ зэхьыхэр ягъэдэхащ Чурей Дыжьын и бжьамийм кьригъэкІа маКъамэ гуфІэгъуэхэмрэ Шэрджэс Іэсият игъэзэщІа уэрэдхэмрэ.

НЫБЭЖЬ Таисэ.



Къулыкъущ1э хуагъэльагъуэ

Зыхьумэжыныгъэмкіэ и министрым и къуэдзэу яГъэувын папщІэ США-м и президент Обамэ Барак кьигъэльэгъуэн, Москва а къэралым и ЛІыкІуэу щылажьэ Вершбоу Александр.

«Вершбоу США-м и политикэр нубзыхунущ, къэралым и щыналъэщхьэмрэ зихьумэжыныгъэмрэ, Европэм, КъуэкІыпІэ Гъунэгъум, Африкэм щыпсэу лъэпкъхэм ди дунейпсо организацэхэмрэ екъэлІа Іуэхухэми и Іэ тетыныщ», - жиІащ Обамэ Барак.

ЛъэжьапІэншэхэм хохьуэ

Мы гъэм и щІыпІэ-мазэ мазэхэм къриубыдэу Мексикэм лъжьапІэр щафэкІуэдащ щІыхь мин 151,6-м щІигъуэм.

Дуэм, абы щхьэхуэхуэ хуэхъуар дунейпсо финанс кризисращ. 1995 гъэ лъандэрэ, иджы хуэдэу лэжьапІэншэхэр куэд а къэралым щыхъуатэкьым. Абы щыгъуэми, нэгъабэ хагъэхъуат лэжьапІэ Іэнатіэу къызэІуахам и бжьыгъэм.

Политикэм хуагъакІуэ

Куржым щэнхабзэмкІэ и министр Руруа Николоз щэч кьытрихьэркьым куржыхэр «Евровидение-2009» зэхьэзэхуэм хэмытыр папщІэ Москва дьэкІ кьызэримыгъэнам.

Европэм и ипэщхэмкІэ союзым Куржым хьыбар иригъэщІат абы щагъэзэщІэну яГъэхъэзыра «Дэ Путин дыхуейкьым» уэрэдыр (иджыблызыбзэкІэ) зэпеуэм и хабзэхэм кьызэримыІтаСэр, мыхьэнитІ кьызэриІуатэм кьыхэкІыу. Ар Москва щыкІуэжьна «Евровидение-2009»-м щыжиІэну зигъэхьэзырт «Стефане и Э Ф» уэрэджьыкІуэ гупым.

Зауэр иухрэ?

Шри-Ланкэ зыхъумэжыныгъэмкІэ и министерствэм хьыбар кьызэритамкІэ, къэралым и ипэкІэ Іэ лъэныкъуэмкІэ зауэ нео кьыщыкІэІэта сепаратист гупым я яхьшэхэр ирихьыщхэ Субаратнамэ Сельватурея яуКІащ.

ТОТИ гупыр 1976 гъэм кьызэрагъэпэщат, тамилхэр щыпсэу щІыналъэм испым къаралыгъэ кьащІызрагъэпэщын мурадкІэ. Абы лъандэрэ щІыху мин 80 хуэдиз зыхэКІуэда зауэр йокІуэкІ.

ТОТИ гупыр ещэлеяуэ лъэрыгъэхъу щытащ, кьаухуэ и щІыналъэщхэм ящыдат. Ауэ нужьрей илъэсищым кьриубыдэу абы Мулайтиву кьалэм и хьуреягъкІэ кидометр 40-м нэхьрэ нэхь мащІэ зи инагъ щІыщ кьыхуэнэжар. Ари яхьумэн щхьэкІэ зэхэуэ гуэщІэхэр йокІуэкІ.

(ИТАР-ТАСС).

◆ Гъатхэпэм и 13 - 16-хэм Нюрнберг (Германие) щекІуэкІынущ щакІуэ, спорт Іэщэм я дунейпсо еплъыныгъэ.

◆ Москва кьыщыхэуахынущ гондзэгуфкІэ Урысейм и XVIII зэхьэзэхуэр.

◆ 1917 гъэм «Известия» газетым и яп номерыр кьыдэкІащ.

◆1955 гъэм кьызэрагъэпэщащ Шынагъэшыгъэмкіэ Къэрал Комитет (КГБ).

◆ Илъэс 276-рэ ирокъу дунейм зэрехьэкІэ (1694 - 1735) шэрджэс бзылъхугъэ, франджы литературэм зи цІэр дыщэпсу кьыхэна **Аиссе (ХьэІишэт) Шарлоттэ.** Ар сабийуэ Истамбыл бэзэрым ливр 1500-кІэ кьыщащэхурн, Франджым яшат. ТхакІуэ де Лаверне Александр и «Адыгэ щыщІэ» романыр зыхуигъэхар араш.

◆ **Дыгъэр кьыщІэкІащ сыхьэт 6-рэ дакьикьэ 23-м, кьухьэжьнущ сыхьэт 18-рэ дакьикьи 9-м.**

◆ **Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэт 11-рэ дакьикьэ 46-рэ.**

Пэлъэпэр зыгъэхьэзыр ГЪУЩІО Зарифи.

Лъэпкъ Іуащ1эгъэ:

ЦІыхур уи щхьэ еплъытмэ, емыкІу кьэпхьынкьым.

Котляровэ Марие Щ1ыхь тхьлъ ират

НАЛШЫК къалэм и администрацэм и Іэтащхьэм и кьаІэнхэр зыгъэзащІэм тхьэмахуэ кьэс зэ иригъэкІуэкІ зэІущІэм и пэщІэдзэм Хьэгъэс Залымджрий къалэ администрацэм и Щ1ыхь тхьлъыр щритащ республикэм щыщІэрыІуэ журналист, тхьдэтх, тхьлъхэр щыдэзыгъэкІ Іэщ1агъэлІ Котляровэ Марие. Абы и зэфІэкІхэм щытепсэлъыхьым, Хьэгъэс Залымджрий кьызыгъащ республикэм и лъэныкъуэкІэ Котляровэ Марие фІыщІэ ин зэрыбгъэдэлыр.

Апхуэдэ гуэлъ тепсэм папщІэ Котляровэ Марие кьалэ администрацэм фІыщІэ хуищІащ Іэнатіэм и Налшык техуэуа тхьлъыр хуабжьу псынщІэу зэращэхуар.

КУБАДИЕВЭ Нуржан, *Налшык къалэ администрацэм и пресс-Іуэхущ1анІэм и лжьакІуэ.*

● Гъэ зытыгъэхъэ

Хьэтыкъуэ Умар и юбилей

ГЪАТХЭПІЭ мазэм и 13-м ильэси 125-рэ ирокъу дуней псом щыщІэрыІуэ тхакІуэ щэджащэ Хьэтыкъуэ Умар кьэзэралъхурэ. Омер Сейфеддин - а цІэмкІэщ Хьэтыкъуэ Умар Тыркымэ нэгъуэщІ къэралхэми къызэрыщацІыхур, ауэ тхакІуэм зэи зыщигъэгъупщакъым зэрыдадигъэ - ар щынэрылъагъуэ абы и къалэмыпэм къыщІэкІа тхыгъэ куэдым.

Хьэтыкъуэ Умар (Омер Сейфеддин) Кавказ зауэм и ужькІэ Тыркум Іэпхъуэ адыгэ унагъуэм къыщалъхуащ. Илъэс щэщІрэ хьрэщ Хьэтыкъуэ Умар зэрыпсэуар, къаухэмыр зэрыІэщІэльари илъэсий кьудейщ, итІани абы хуэзэфІэкІащ нэмрэ зэпызыщІэ нобэрей адыгэхэм. Анэдэлъхубзэмрэ лъэпкъ хабзэмрэ дызэрыхуэсакъым кьыдэкІуэу, адыгэ фащэр, абы и зехьэкІэр, ар зэрызэхэль дэтхэнэ пкъыгъуэми мыхьэнэ пыухыкІа зэриІэр тщІэжу дыкъэгъуэгурыкІуэн зэрыхуэйрщ Сэралъп Мадинэ. - Араш «Лъэхъэнэм и псыежэх» лъэпкъ проектыр кьызэгъэпэщыным гулъытэ щхьэхуэ щыхуэсщІари, илъэсым щІигъуэу дыщІелэжьри. Пасэрей адыгэ щыгъынхэмрэ зэрызагъэщІэращІэ хьэпшып щыкІуфэкІуэхэмрэ кьэдгъэльэгъуэныкІэ дэ дыхущІэхьэщІ ахэр зезыхьэу щыта щІыхуэм я псэм зы тІэкІунитІэ нэхъ мыхъуми иджырІейэр пэгъунэгъу тщІыну, уахътэ зэрыщыІэмрэ ар щылъэкІкІэ кьыткъуигъанэр зыхуэдэмрэ нэрылъагъу фщІытщІыну.

ЦІыхухэм дэ тыгъэ яхудощІ зэманым и Іуэкіыбзэлъхьыр, икІи дыхуейт выставкэр зыльфайтэу дэтхэнэ зым «лъэхъэнэм и псыежэх уэрым» и салъкъыныр зыхищІэну.

Гъэлъэгъуэныгъэм иращІэкІа гуфІэгъуэ зэхьэзэхуэхэр ягъэдэхащ Чурей Дыжьын и бжьамийм кьригъэкІа маКъамэ гуфІэгъуэхэмрэ Шэрджэс Іэсият игъэзэщІа уэрэдхэмрэ.

НЫБЭЖЬ Таисэ.

● Тэрч куей

Жылагъуэм зеужь

ДЖЫЛАХЪСТЭНЕЙМ хыхьэ Интернационалыгъ жылагъуэм гъэкІыныгъэхэр зэрахьэрэ щокІуэкІ: кьуажэ администрацэм и унэри пщІантІэри зыхуей хуащъэащ. Зэгуэр сабий саду щыта мы унэм кьуажэ унафэщІэм кьинэмыщІауэ, медпунктымрэ почтэмрэ я лэжьакІуэхэри щІэсынущ. Ящ кьэтыт щІалэгъуэм папщІэ щэнхабзэмрэ спортымкІэ центр кьыщызэІуахыну я мурадщ. «Кхъахэ хъуа псэупІэ унэхэр зыхуей хуэгъэзэн- федерал программэм ипкъ иту псэупІэ унэу 4-м я щхьэр зэрахьэкІащ, хуабэ зрикІу бжьамий метр 200 щІэкІэ зэрахьэкІащ, кьуажэкІуэщІ гъэзгуу метр 500-м мывэкІэщхьэр, метр 400-м асфальт трапъхьащ. Апхуэдэу зыхуей хуагъэзащ кьуажэ администрацэмрэ нэгъэщІ Іуэхущ1анІэхэмрэ екІуэлІэ гъэзгуэхэри. Дызытехьа гъатхэм зэрамкІэ кьагъэнэхуну я мурадщ. Кьуажэдэсхэр псы щымыщІэн папщІэ насос станцым елэжьын хуеину я кьапэщылъщи, Іэщ1агъэлІхэм зубзыу Іуэхухэр зыхуэдэнумрэ абыхэм текІуэдэнумрэ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Яхуимыуд «Спартак-Налшык»

Урысей Федерацэм футболымкІэ и премьер-лигэм иджы еплІанэрэ щыджэгунущ Къэбэрдей-Балъкъэрым и командэр, Эпэрей зэхьэзэхуэхэм я пэщІэдзэхэм ІэщіагъэлІхэм зыжьэу жаІэрт «Спартак-Налшык»-р кьыкІэрыуІэхэм яхэтыну. Тегъэщіапіэхэри я куэдт - мылькур я машІэщ, футболист, тренер щэрыІу жэр яІэкъым, нэгъуэщІхэри. Арщхьэкіэ, зэманым кьыззригъэлэгъуащи, ахэр щыуауэ кьышІэкІащ - къэралым и командэ пащэхэм яхэмыкьэфмы, ди щІалэхэр «гупкІэм» зэи пысакым. Абы и щыхьэтщ 2006 гъэм ебгъуанэ, кьыкІэльыкІуэ ильэситІым епщыкІутІанэ увыпІэхэм щыту зэпеуэр эраухар. Арауэ кьышІэкІынщ мыгъэрей зэхьэзэхуэм и пэ кьихуэу «Спартак-Налшык»-р премьер-лигэр зыбгыпэну зыхуагъэфащэхэм щыхамыгъэхьар.

ИЛЪЭСИПЛІи пэкІэ диІа командэмрэ иджыреймрэ шурэ лъэсрэ я зэхуакуш. Нэхьапэм гуп нэхьыщхьэм щыджэгуа, абы и пІалъэ зыщІэ ди командэм хэмытыххамэ е ильэс кьэс зэкІыжьыр куэд дыдэу щытамэ, мы гъэм Іуэхур нэгъуэщІщ. Кьыжьпіэну урикъунщ «Спартак-Налшык»-м и фащэр щыгъыу нэгъабэ джэгуаэхэм ящыщу зы цыхуи игу кьеуэну ди командэм и тренер нэхьыщхьэ Красножан Юрэ зэримыгупщар. Пэжщ, абы иджыри сэбэп кьыхуэхъуфынут «Химки»-м кІу а, Урысей Федерацэм и щІалэгъуалэ командэ кьыхэхам и гъуащхьэхуэмэныкьуэ Самсонов Олег. Ауэ ар «Спартак-Налшык»-м «Зенит»-м бэдзэнду кьыІихауэ ингъэджэгу арати, иджы ар зыкуейм ираташ икіи абы зыри пхуещІэнукьым.

Адрейхэр щхьэж и джэгупІэр ищІэжу, яхуэзфІэкІынури наІу эу щытщ. Гуапэщ ильэс кьэс я Іэзагъым зэрыхагъахъуэр Мэшыкьуэ Аслъэн, Джатэрывэ Кьазбэч, Калимуллин Ру стем, Дзыхьмыщ Марат, Киселенков Владимир, Шумейкэ Виталий, Гъу эщокьуэ Ильям, Ятченкэ Дмитрий, Филатов Валентин сымэ. КуэдкІэ уэзыщыгуъ хъунут Къэжэр Назири, арщхьэкІэ топджэгум емыкьэлІа щхьэусыгъуэхэр абы зэкІэ хуэбжьу зэран кьыхуэхъу.

Гупыр зэрагъэлъэщынум шэ ч кьытепхьэркъым Къэзахстаным и командэ кьыхэхам и гъуащхьэтет Лорие Давид, Бразилием щыщэу Феррейрэр, Леандрурэ, Аргентинэм кьраща Паради, белорус щІалэ Концевой Артем. Къэбэрдей-Балъкъэрым футболым щыдихьэхэр егъэпеяуэ щыгуфыкІащ ди командэр премьер-лигэм эшыа топыр 2005 гъэм дзэзыгъэкІа, абы кьыкІэлъыкІуэ ильэсым гъуащхьауэ нэхьыфІу диІа Концедалов Роман кьызэригъэзэжам. Дауи, фІыкІэ дыщог гъ ди лъахэгъу, Мэзкуу и «Локомотив»-м зышызэгъэсэ Бырхъэм Кьантемыр. Нэгъабэ ар бэджэнду кьыІахьжри, щІалэгъуалэм яхэту ягъэджэгащ икіи ди тренерхэм ягу ирихьри, кьашэжыпащ.

«Спартак-Налшык»-м и гъуащхьэтетхэм щхьэкІи ущІэгугъэвэн щыІэу кьыщІэкІынукьым. Нэгъабэрей зэг урыІэныгъэм т ет, Мэзкуу и «Спартак»-м пІалъэкІэ кьиутІыпщащ Хомич Дмитрий. Абы и кьуагъым кьуэсу щысыну загъэхьэзыркъым зи гугъу тщІа Лориерэ Радичрэ - зыкьигъэлъэгъуэну Іэмал кьыщыхукьуэкІынум дэтхэнэри поплъэ.

Мазийкіэ екІуэкІыну зэхьэзэхуэм пщэдей щІедзэ. Ар гъуэгуанэ кІыхьщ икіи хьэлъэщ. Дауи, щыІэнущ текІуэныгъэхэри кьыщыхагъэщІэнуэхэри. Араш спортым и хабзэр. Апхуэдэхэм деж псом ящхьэр командэмрэ абы дэщІхэмрэ быдэу зэкъуэтыныгъ. Кьемыззгъщ нэгъабэрей зэпеуэм и кІэухым ирихьлІэу ди деж щекІуэкІа псалъэмакъ мыщхьэпэхэр. Ар гуфІэжу «Спартак-Налшык»-м и ныкьуэкъуэхэм кьапхьуэтащ икіи ди командэр зэІущІэхэр щэн-къэщэхуным куууэ хэту кьэрал псом щагъэІу ащ. Абы щыгъуэми Урысей Федерацэм и чемпион хьуа «Рубин»-ми, УЕФА-м и кубокыр зыІущІэпІ «Зенит»-ми, кьэралым и кубокыр кьэзыіха ЦСКА-ми, нэгъуэщІхэми ятекІуауэ. Командэмрэ абы дэщІхэмрэ зэкъуэуда хьумэ, лъэныкъуэтІри зэрыхилъэфэнум щэч хэлъкьым. Араш ди хьэрхуэрэгъуэхэр зыщІэхъуэпсри.

Премьер-лигэм зэрыхэта ильэсищым кьриубыдэу «Спартак-Налшык»-м псоми наІуэ ящиІащ иудыгъуафІэ зэрымыхъунур. Апхуэдэу адэкІи щытыну дыхуейщ.

● Зэхьэзэхуэм и пэ къихуэу

КРАСНОЖАН Юрэ: Сыт щыгъуи сыщІохъуэпс стадионым изу цІыхухэр къекІуэлІэным

- Сыхуейщ «Спартак-Налшык»-м мы гъэм джэгукІэ екІу, удэзыхьэх кьиутхъльэгъуэну, адрей ильэхэм зи лъабжьэ дгъэтІылъа ехьулІэныгъэхэмкІэ щІыхухэр дгъэгуфІэну. Сыт щыгъуи стадионым изу щІыхухэр къекІуэлІэну сэри адрей ди командэм хэтхэри дыщІохьуэпс. Ахэращ дэ утыку дыщІихьэр, ди кьару демыблэжу дыщІэныкьуакъуэр.

Ди командэм зэрызижьыр нэрылъагъущ. Зи гугъу сщІыр и джэгукІэрщ, абы хэтхэм я зэхуэцытыкІэрщ. Пэжщ, «Спартак-Налшык»-м и бюджетыр ди ныкьуэкъуэгъу куэдым яйм и зы дзакІи хъуркъым. Ауэ зыщыдгъэгъуэщэркъым футбол джэгур мылькур зэрыармырар, атІэ губгъуэм кьыхъэ щІалэхэрауэ зэрыщытыр. Ахэращ ди гульытэри Іэзагъри зэтхьэлІэр икІи Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыхьыр лъагэу яІэтын папщІэ езыхэми ялъэкІ кьагъанэркъым.

ПэщІэдзэ зэІущІэхэр

ГЪАТХЭПЭ Март

Бл.	2	9	16	23	30
Гъу.	3	10	17	24	31
Бр.	4	11	18	25	
Мху.	5	12	19	26	
Мр.	6	13	20	27	
Щб.	7	14	21	28	
Тхь.	1	8	15	22	29

МЭЛЫЖЬЫХЬ Апрель

Бл.	6	13	20	27	
Гъу.	7	14	21	28	
Бр.	1	8	15	22	29
Мху.	2	9	16	23	30
Мр.	3	10	17	24	
Щб.	4	11	18	25	
Тхь.	5	12	19	26	

НАКЪЫГЪЭ Май

Бл.	4	11	18	25	
Гъу.	5	12	19	26	
Бр.	6	13	20	27	
Мху.	7	14	21	28	
Мр.	1	8	15	22	29
Щб.	2	9	16	23	30
Тхь.	3	10	17	24	31

МЭКЪУАУЭГЪУЭ Июнь

Бл.	1	8	15	29	
Гъу.	2	9	16	30	
Бр.	3	10	17		
Мху.	4	11	18		
Мр.	5	12	19		
Щб.	6	13	20		
Тхь.	7	14	21		

БАДЗЭУЭГЪУЭ Июль

Бл.	6	13	20	27	
Гъу.	7	14	21	28	
Бр.	1	8	15	22	29
Мху.	2	9	16	23	30
Мр.	3	10	17	24	31
Щб.	4	11	18	25	
Тхь.	5	12	19	26	

ШЫЩХЬЭІУ Август

Бл.	3	1	17	24	31
Бр.	4	11	18	25	
Мху.	5	12	19	26	
Мр.	6	13	20	27	
Щб.	7	14	21	28	
Тхь.	1	8	15	22	29
	2	9	16	23	30

ФОКІАДЭ Сентябрь

Бл.	7	14	21	28	
Гъу.	1	8	15	22	29
Бр.	2	9	16	23	30
Мху.	3	10	17	24	
Мр.	4	11	18	25	
Щб.	5	12	19	26	
Тхь.	6	13	20	27	

ЖЭПУЭГЪУЭ Октябрь

Бл.	5	12	19	26	
Гъу.	6	13	20	27	
Бр.	7	14	21	28	
Мху.	1	8	15	22	29
Мр.	2	9	16	23	30
Щб.	3	10	17	24	31
Тхь.	4	11	18	25	

ЩЭКІУЭГЪУЭ Ноябрь

Бл.	2	9	16	2330	
Гъу.	3	10	17	24	
Бр.	4	11	18	25	
Мху.	5	12	19	26	
Мр.	6	13	20	27	
Щб.	7	14	21	28	
Тхь.	1	8	15	22	29

Гу зылъытапхъэ

КьыхэгъэщхьэхуэкІащ «Спартак-Налшык»-р щыджэгуну щІыпІэхэр:
ди стадионым - ●
нэгъуэщІ кьалэхэм - ■
Урысеим и Кубокыр кьжьыным ехьэлІа зэІущІэ - к

Премьер-лигэ

Япэ къекІуэкІыгъуэ
Япэ джэгугъуэ
Гъатхэпэм и 14
(щэбэт)
«Локомотив» (Мэзкуу) - «Химки» (Химки)
«Динамо» (Мэзкуу) - «Москва» (Мэзкуу)
«Амкар» (Пермь) - «Ростов» (Дон Іус Ростов)
«Рубин» (Къэзан) - «Кубань» (Краснодар)

Гъатхэпэм и 15
(тхьэмахуэ)
«Тэрч» (Грозный) - «Спартак-Налшык» (Налшык)
«Спартак» (Мэзкуу) - «Зенит» (Санкт-Петербург)
«Сатурн» (Раменское) - ЦСКА (Мэзкуу)
«Томь» (Томск) - «Крылья Советов» (Самарэ)

Европэм и лигэ. Финалым и 1/8-нэ Іыхьэ. ЕтІуанэ зэІущІэ

Гъатхэпэм и 19
(махуэку)
«Зенит» (Санкт-Петербург, УФ) - «Удинезе» (Удинезе, Италие)
«Шахтер» (Донецк, Украинэ) - ЦСКА (Мэзкуу, УФ)
ЕтІуанэ джэгугъуэ

Гъатхэпэм и 21
(щэбэт)
«Динамо» - «Химки»
«Москва» - «Тэрч»
«Крылья Советов» - «Амкар»
«Кубань» - «Спартак»
Гъатхэпэм и 22
(тхьэмахуэ)
«Спартак-Налшык» - «Рубин»
«Зенит» - «Сатурн»
«Ростов» - «Локомотив»
Гъатхэпэм и 23
(бгыщхэ)
ЦСКА - «Томь»

Дунейпсо зэпеуэм хэтынухэр къызэрыхах зэІущІэ

Гъатхэпэм и 28
(щэбэт)
Урысей Федерацэ - Азербайджан

Топджэгум дихьэххэм яхуозэ

● Дыгъуасэ

Ди футболистхэр.

Хабзэ хъуауэ ильэс кьэс премьер-лигэм щекІуэкІ зэхьэзэхуэм щІидзэным и пэ кьихуэу «Спартак-Налшык»-м и футболистхэмрэ унафэщІхэмрэ ІуощІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу футболым дихьэхъэм. Апхуэдэ зэІущІэ дыгъуасэ Профсоюзхэм я Уардэунэм щекІуэкІащ.

МАЗИПЛІ хъууэ зэрымылъэгъуахэр гуапэу зэІущІащ. Абыхэм зэжраІэнрэ зыщІэупщІэнрэ я куэдт. Кьапщтэмэ, топджэгум дихьэхъэм зрагъэщІэну суейт фІыуэ яІьагъу командэм кьыщыхъуа зэхъуэкІыныгъэхэр зыхуэдэр, нэгъабэрей зэхьэзэ- хуэм и кІэухыр «Спартак-Налшык»-м кьыщІемыхъулІар, мы гъэм зыхуагъэувыжа кьалэнхэр. ЯфІэхьэлІэмэтт языныкьуэ футболистхэм я Іуэху еплъыкІэр.

УпщІэ псоми нэсу жэуап иратащ «Спартак-Налшык» профессионал футбол клубым и директорхэм я советым и тхьэмадэ **Былымгъуэт Анзор**, генеральнэ директор **Балэ Владимир**, тренер нэхьыщхьэ **Красножан Юрэ**, командэм и капитан **Джудович Миодраг** сымэ, нэгъуэщІхэми.

ЗэІущІэм кьрихьэлІахэм ирагъэлъэгъуащ ди командэр мы гъэм зэрыджэгуну фащэщІэр.

Футболым дихьэхъэр. *2009 гъэ, гъатхэпэм и 12*

Къыхыхьахэр

Гъуащхьэтет **Лорие Давид** (*Караганда и «Шахтер»-м щыджэгущ, Къзэахьстан*), гъуащхьэхъумэхэу **Феррейрэ** (*Липепа и «Металлург», Латвие*), **Леандру** (*Владивосток и «Луч-Энергия»*), гъуащхьэхъумэныкъуэ **Концедалов Роман** (*Мэзкуу и «Локомотив»*), гъуащхьауэзэу **Концевой Артем** (*Минск и МТЗ-РИПО, Беларусь*), **Паради** (*«Дефенсоре де Белграно», Аргентинэ*).

ХэкІыжахэр

Кращенкэ Сергей (*джэгун ихащ*), **Васин Виктор**, **Патяк Олег** (*Нижний Новгород Ищхъэрэм и «Новгород Ищхъэрэ» командэм хыхьащ*), **Карауш** (*Молдавием и «Академика»*), **Самсонов Олег** (*Химки и «Химки»*), **Шірнас Девидас** (*Польшэм и «Видзев»*), **Фрунзе Виорел** (*Румынием и ЧФР*).

Къэрал зэмылІэужьыгъуэхэм я командэ къыхэхахэм щыджэгу ди щІалэхэр

Куржы. **Гогуа Гогитэ**



Къэзахстан. **Лорие Давид**

Узбекистан. **Бикмаев Марат**

Черногорие. **Джудович Миодраг**



Белоруссие. **Концевой Артем**

Хэт дапхуэдиз мылъку текІуадэрэ?

Дуней псор зыхэхуа экономикэ кризисыр премьер-лигэм и командхэми зыхамыщІэнкІэ Іэмал иІэкъым. Абыхэм тракъэкІуадэ мылькум кІрагъэхуащ. Псом хуэмыдэу ар зыхащІащ «Москва», «Химки», «Сатурн» командхэм. Еблэмэ Мэзкуу областым и унафэщІхэм жаІат премьер-лигэм командитІ зрыщамыгъэджэгуфынур. Арщхьэкіэ, топджэгум дихьэхъэмрэ къэрал кьулыкъущІэхэмрэ зэхьыхьэри, «Химки»-р зэкІэ кьрагъэлащ.

НЭХЪ машІэщ мы гъэм текІуэдэнур «Спартак-Налшык»-ми. Доллар мелуаниплкІэ нэхъ машІэ яІэу налшыкдэсхэм джэгун щІадзэ. Ауэ абыи игъэдзыхэркъым «Спартак-Налшык»-м и тренер нэхьыщхьэ Красножан Юрэ: «Зыри шынагъуэ щыІэкъым - ар дызэсэжа Іуэхущ. Дэ сыт щагъуи мылькур зэдгъэзахуэурэ дыкъекІуэкІащ, иджыри абы дытетынущ».

Доллар мелуан куэдкІэ бжэхэр нэхъ гугъу ехьыну кьыщІэкІынщ. Абыхэм я футболистхэри тренерхэри ахьшэшхуэ ирату ирагъэсащ. Апхуэдэхэм иджы уагурыІуэну тыншкъым. Дауэ щытми, куэдым яфІэхьэлэмэтыну кьыщІэкІынщ премьер-лигэм хэт командхэм ятекІуадэ мылькур зыхуэдизыр (*бжыгъэхэр доллар мелуанкІэ къэхащ*):

1. «Зенит» (Санкт-Петербург) - 99 (нэгъабэ 110)
2. «Спартак» (Мэзкуу) - 70 (70)
3. «Динамо» (Мэзкуу) - 65 (61)
4. «Локомотив» (Мэзкуу) - 62 (70)
5. «Рубин» (Къэзан) - 55 (70)
6. ЦСКА (Мэзкуу) - 50 (60)
7. «Сатурн» (Мэзкуу область) - 42 (60)
8. «Тэрч» (Грозный) - 37 (35)
9. «Крылья Советов» (Самарэ) - 35 (48)
10. «Москва» (Мэзкуу) - 25 (50)
11. «Томь» (Томск) - 21 (25)
12. «Кубань» (Краснодар) - 18 (21)
13. «Амкар» (Пермь) - 17,5 (18)
14. «Ростов» (Дон Іус Ростов) - 12,5 (15)
15. «Спартак-Налшык» (Налшык) - 12 (16)
16. «Химки» (Химки) - 11,5 (20)

НапэкІэцІыр зыгъэхьэзырар
ЖЫЛАСЭХЭ Заурэ Замирэщ.
Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*